

4

oktòb

Bann moun k ap plede fè posesyon ak zidòl an bwa yo, k ap lapriyè Bondye ki pa ka delivre yo, yo pa konn anyen. Ezayi 45. 20

Senyè a di : Mwen vivan. Donk, tout jenou ap pliye devan mwen. E, tout lang ap deklare glwa Bondye. Women 14. 11

Eske nou sipèstisyè ?

Lontan, kèk moun te kwè ke zetwal yo t ap kontwole lavi yo. Gen kèk lòt ki “konn li” nan ma kafe pou yo konnen kisa ki pral rive yo... Jodi a nou jwenn kèk pratik ki sanble ak sa nan sosyete nou an. Gen kèk moun ki “manyen yon bout bwa” pou malè pa rive yo. Ekspresyon “kwaze dwèt” pou ka rale benediksyon, reysisit, gaye toupatou. Pou anpil moun, siy zodyak yo kapab di sa ki pral rive yo.

Tout sa fè pati de taktik Satan pou fè nou bliye sa ke Bondye di nan Bib la sou lavni. Foli moun ki sipèstisyè a fè li kwè nan manti epi anpeche l mete konfyans li nan Bondye. Pèrèz se youn nan koz sipèstisyon : yo pèrèz malchans, maladi, kèk kou di ke yo vle pwoteje yo kont yo. Lè sa a, y ap chèche garanti olye ke yo mete konfyans yo sèlman nan Bondye.

Lafwa kretyen an delivre l anba pèrèz, paske li konnen Bondye li a se yon Bondye lanmou. Lekriti Sakre yo pale nou de yon Bondye ki gen bonte ki pouse tout moun pou yo repanti dekwa pou yo ka sove.

Zanmi kretyen, ann kouri lwen tout pratik sipèstisyè, kit li sa li ta ye a : se ofanse Bondye verite a, “ki gen mizerikòd ak bonte”. Ann konfye nou nan li, Papa nou, ak tout kè nou nan lapriyè. Li renmen nou, li te ban nou Jezi, sèl Pitit li a, pou te sove nou, l ap kapab ban nou tout sa nou bezwen. Lafwa nan pisans san limit ban nou lapè.

4

octobre

Ils n'ont point de connaissance, ceux qui portent le bois de leur image taillée et présentent leur supplication à un dieu qui ne sauve pas. Ésaïe 45. 20

Je suis vivant, dit le Seigneur : tout genou se ploiera devant moi et toute langue me reconnaîtra comme étant Dieu. Romains 14. 11

Êtes-vous superstitieux ?

Autrefois, certains croyaient que les étoiles contrôlaient leur vie. D'autres "lisaient" dans le marc de café pour savoir ce qui allait arriver... On trouve aujourd'hui des pratiques semblables dans notre société. Certaines personnes "touchent du bois" pour se préserver de quelque malheur. L'expression "croiser les doigts" pour attirer le bonheur, la réussite, s'est largement répandue. Pour beaucoup, les signes du zodiaque sont révélateurs de leur destinée.

Tout cela fait partie des stratagèmes de Satan pour nous faire oublier ce que Dieu, dans la Bible, dit de l'avenir. La folie de l'homme superstitieux le fait croire au mensonge et l'empêche de mettre sa confiance en Dieu. La crainte est à l'origine de la superstition : crainte de la malchance, de la maladie, des coups durs contre lesquels on voudrait se prémunir. On cherche alors des garanties au lieu de placer uniquement en Dieu sa confiance.

La foi du chrétien le délivre de la crainte, car il sait que son Dieu est un Dieu d'amour. L'Écriture sainte nous parle d'un Dieu de bonté qui pousse tous les hommes à la repentance pour qu'ils soient sauvés.

Amis chrétiens, fuyons toute pratique superstitieuse, quelle qu'elle soit : c'est une offense envers le Dieu de vérité, "miséricordieux et grand en bonté". Confions-nous en lui, notre Père, de tout notre cœur par la prière. Il nous aime, il a donné Jésus, son Fils unique, pour nous sauver, il saura nous donner tout ce dont nous avons besoin. La foi en sa puissance infinie donne la paix.